

Bayo

Michael Brun

Se sak fè fyète n fyè ke kwè n se black
Pou libète n te kanpe gade nou pa t fè bak
E chak jou nan vi nou gade n vle pran on lòt etap
On lòt eta, on lòt leta
1 n vle enpoze n fè sonje kiyès nou ye
2 n vle dekwoche e kase kòn ki mare n
3 santiman nou k ap gide nou
Nou kon kote n sòti e n gon kote nou vle ale tou

Bayo, Bayo Bayo
Bayo, Bayo Bayo

Leve kanpe leve kanpe
An nou met vwa nou ansanm pou nou chante
Fò w espere fò w espere
Yon jou kanmenm gade sa gen pou chanje
Chak vye moman nan lavi fò w kanpe rèd
Pa okipe sa k ap di ke nou se nèg
Kanpe rèd kou bwa mitan
Prè pou fè lit lan
Depi lè w te fèt fò w konnen byen w son militan
Chak moun gen on misyon
Wi fò w gon vizyon
Se met tèt an plas pou kapab pran bon desizyon
So mwen m ap kanpe
Ou ap kanpe
Li ap kanpe
Nou tout ap kanpe

Bayo, Bayo Bayo
Bayo, Bayo Bayo

Yow m soti Ayiti, sou tè sa'm fèt
Bleu et rouge la se de sa'm fyè (oh yeah)
Siw pa dako nou zafè
Jè'n yo avè'n nap fè yo fyè de sa'n fè
Nou ba yo limyè lè'n klere (haiti)
Nou pral montre se pat sal te ye
So Chak son m, chak rimes, chak projet, chak muzik nap montre'w vrè fòs peyi
'n nan chak sa'n kreye
N' ba yo rèv Pou lot nasyon ka ba yo glwa (Sa'n fè)
Ansanm nou kanpe poun ba yo dwa yo (Sa'n fè?)
Sak paka pale Nou ba yo vwa
Nou gon peyi poun sove sak vle bare'n nap ba yo Bwaaaa

Bayo, Bayo Bayo
Bayo, Bayo Bayo
Bayo, Bayo Bayo
Bayo, Bayo Bayo

Se pa gade selman gade pou gade
Fòk ou leve fè afè pou yo gade'w tou
Se pa gade selman gade pou gade
Fòk ou leve fè afè pou yo gade'w tou
Se pa gade selman gade pou gade
Fòk ou leve fè afè pou yo gade'w tou
Se pa gade selman gade pou gade

Fòk ou leve fè afè pou yo gade'w tou

Bayo bayo